


# Anansi ak Lasajès



Ghanaian folktales ✎

Wiehan de Jager ✎

ACE Haiti-University of Notre Dame USA 📄

3 ||

krèyol ayisyen 🗣️ [ht](#)



# Global Storybooks


[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

## Anansi ak Lasajès

Ghanaian folktales ✎

Wiehan de Jager ✎

ACE Haiti-University of Notre Dame USA 📄




This work is licensed under a Creative Commons


[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>







Nan tan lontan, moun yo pate konn fè anyen. Yo pate konnen kijan pou yo fè jaden, trese pay oswa fè zoutil fè. Bondye Nyame ki nan syèl la te gen anpil anpil lasajès. Li te kenbe tout sajès sa nan yon po tè kwit.




Po an krase tibout enpi tout moun jwenn mòso ladan'l. Se lè sa a ke moun yo aprann fè jaden, trese pay, fè zouti fè ak tout lòt bagay ke moun konn fè koulyè a.




Yon jou Nyame decide ke lap bay  
Anansi po lasajès sa a. Chak fwa  
Anansi te gade andan po tè kwit  
lan li te aprann yon lòt bagay. Ala  
yon bèl bagay!



Nan yon títan Anansi rive sou tèt  
pyebwa a. Li kanpe enpi li di tèt li «  
Mwen te kwè ke se mwen sèl ki te  
gen tout lasajès epi men pitit  
gason'm nan gen plis lasajès pase  
mwen ! ». Anansi te tèlman fache  
sou bagay sa a ke li jete po tè kwit la  
atè a.



Anansi ki te yon moun egoyis di tèt li « Mwen pral sere po sa a sou tèt gwo pyebwa sa a konsa lap rete pou mwen sèl!” Li file yon kòd byen long nan po tè kwit la epi li mare li sou vant li. Li kòmanse grenpe pyebwa a. Men li te difisil pou’l monte pyebwa a paske po an tap bat sou jenou’l toutan.



Pandan toutan sa a, ti gason Anansi te kanpe anba pyebwa a lap gade : « Li pa ta pi fasil si’w te mare po sa a sou do ou pito ». Anansi eseye mete po lasajès la sou do’l epi li te pi fasil toutbon.